

Operasyon pou Pèdi Pwa

Gid Enfòmasyon pou Pasyan yo



Byenvini

Deside sibi yon opeprasyon pou pèdi pwa mande kouraj ak angajman. Ekip tretman ou an sipòte desizyon ou pou pran swen tèt ou ak amelyore sante ou. Pandan tout pwogram sa a, ou pral rankontre nouvo defi ak opòtinite pandan w ap adapte w ak yon nouvo metòd manje epi yon nouvo fason viv. Nou la pou reponn nenpòt kesyon oswa enkyetid ou ka genyen pandan pwosesis sa a.

Konsidere bwochi sa a tankou yon gid enfòmasyon. Aprè ou fin li l, ou ta dwe gen yon pi bon lide sou sa pou w atann de operasyon an. Enfòmasyon yo ta dwe reponn anpil kesyon ou genyen pandan w ap prepare w pou operasyon an. Manyèl la pral sèvi tou kòm yon sous referans pou ou lè w retounen lakay ou epi kòmanse adapte ak chanjman nan lavi ou. Men, gid sa a pa fèt pou reponn tout kesyon oswa pwoblèm ki gen rapò ak operasyon an. Nou ankouraje w poze kesyon nenpòt lè a.

Anndan l, w ap jwenn sa ki anba a:	Paj:
Prezantasyon ekip operasyon pou pèdi pwa a	3
Egzamen chirijikal yo	4
Randevou a obligatwa anvan entèvansyon operasyon an	6
Pwosesis operasyon an.	7
Suivi aprè operasyon an	8
Orè randevou suivi a	9
Risk ak avantaj operasyon baryatrik la.	10
Akò sou konfòmite	11
Efè segondè komen ak solisyon yo	12

Tanpri asire ou w ap suiv enstriksyon konpayi asirans ou an konsènan rekòmandasyon yo. Se responsabilite w pou w jwenn rekòmandasyon apwopriye konpayi asirans ou a mande a, pou evite nenpòt pwoblèm ak fakti yo.

Ekip operasyon pou Pèdi Pwa ou a

Chirijyen baryatrik, enfimyè pratikan, ak asistan medikal

Chirijyen nou yo sètifye epi eksperimente nan zafè operasyon baryatrik. Pwogram nou an gen akreditasyon Sosyete Ameriken an pou operasyon Metabolik ak Bariyatrik la, sa ki demontre angajman nou nan sekirite pasyan yo ak swen kalite siperyè.

Doktè ki pratike pèt pwa medikal, enfimyè pratikan, ak asistan medikal

Yo ka mande w pou w wè yon doktè ki pratike pèt pwa medikal oswa yon enfimyè pratikan. Pandan randevou sa yo, yo pral revize istwa pèt pwa ou epi mande nenpòt tès oswa analiz ki nesèsè pou evalye sante ou. Y ap trete nenpòt pwoblèm medikal ki ka kontribye nan pwa ou oswa ki ka ogmante risk pou konplikasyon aprè chiriji tou.

Kowòdonatè/Navigatè Pwogram Baryatrik

Kowòdonatè ak navigatè nou an pral ede w navige nan pwosesis pou rive nan chiriji a epi yo pral travay avèk ou pou asire w ou konplete tout randevou ak tès ki nesèsè yo.

Dyetisyen anrejistre

Nitrisyon se yon bagay ki enpòtan anpil nan pèt pwa, kontinye ak pèt pwa, ak rete an sante aprè chiriji a. Dyetisyen nou yo pral sipòte w nan nenpòt chanjman ki nesèsè nan rejim alimantè ou oswa abitud manje ou, anvan ak aprè chiriji a.

Sante konpòtmantal

Ou pral rankontre yon klinisyen sante konpòtmantal pou asire w ou pare mantalman epi emosyonèlman pou chiriji a, epi ou gen sipò apwopriye pou jere chiriji a ak chanjman nan stil lavi ki vini ak li a. Si ou deja ap suiv yon founisè sante konpòtmantal, yo ka bezwen siyen pou yo apwouve chiriji ou a tou.



Gastrektomi nan manch

Yo montre Gastrektomi nan manch laparoskopik lan la. Nan chiriji sa a, chirijyen ou a ap itilize agraf pou divize lestomak ou, retire apeprè 80-85% nan lestomak la. Pòsyon lestomak ou ki rete aprè chiriji a long epi etwat, tankou manch yon chemiz oswa yon ti fig.

Yo retire rès lestomak ou a nèt nan kò ou, kidonk chiriji sa a pa ka anile.

Kijan chiriji a ede pèdi pwa


Lestomak pi piti vle di pi piti

kantite manje ou ka manje. Ou pral gen sèlman 15-20% nan lestomak ou ki rete, sa fè ou p ap ka manje menm kantite manje a yon sèl kou tankou anvan.

Diminye apeti. Pòsyon yo retire lestomak ou a pwodui yon òmòn ki rele ghrelin, ki fè ou santi ou grangou. Depi w ap pwodui mwens nan òmòn sa a, ou ka remake ou santi ou gen mwens apeti aprè chiriji a oswa sa ka pran plis tan pou ou santi grangou.

Santi ou plen pi vit epi rete plen pi lontan.

Òmòn tankou GLP-1 ak PYY pwodui nan trip ou epi yo ka ogmante aprè operasyon ou. Òmòn sa yo pral ralanti dijasyon, diminye apeti, epi ogmante santi plen aprè repa yo. Yo ka ede amelyore kontwòl sik nan san ou si ou gen dyabèt tip 2.




Pontaj gastrik Roux-en-Y

Yo montre Pontaj gastrik Roux-en-Y lan la. Nan operasyon sa a, chirijyen ou a ap itilize agraf pou divize lestomak ou an de pati. Pati ki pi piti a gen apeprè gwose yon gwo ze yo rele Pòch. Pi gwo a se lestomak ki rete a.

Après yo fin divize lestomak ou, chirijyen an pral separe ti trip ou nan jejunum epi konekte pati ki anba a ak nouvo ti pòch ou a. Pati anlè trip lan konekte ak ti trip la apeprè 3 a 4 pye pi ba, sa ki kreye yon koneksyon ki sanble ak lèt 'Y'.

Lè ou manje aprè operasyon an, manje a ap pase soti nan gòj ou pou ale nan pòch ou, epi aprè sa nan ti trip lan, pandan l ap kontounen lestomak ki rete a ak pati anlè ti trip ou an.



Kijan chiriji a ede pèdi pwa

Yon lestomak ki pi piti vle di pòsyon

manje ki pi piti. Nouvo pòch lestomak ou a ap gen sèlman gwose yon ze epi li ka sèlman kenbe yon ti kantite manje lè w ap manje. W ap sèlman manje sa ki ka antre nan pòch ou ki gen gwose yon ze, konsa ou p ap kapab manje menm kantite manje nan yon sèl repa jan ou te konn fè l la.

Diminye apeti. Ou pral pwodui mwens nan yon òmòn yo rele ghrelin ki fè ou santi ou grangou. Depi w ap pwodui mwens nan òmòn sa a, ou ka remake ou santi ou gen mwens apeti aprè chiriji a oswa sa ap pran plis tan pou w grangou.

Santi ou plen pi vit epi rete plen pi

lontan. Òmòn tankou GLP-1 ak PYY pwodui nan trip ou epi yo ka ogmante aprè operasyon ou. Òmòn sa yo pral ralanti dijesyon, diminye apeti, epi santi plen pi vit aprè repa yo. Sa ka ede amelyore kontwòl sik nan san ou si ou gen dyabèt tip 2.

Pa byen absòbe. Depi l ap kontounen anlè trip ou a, l ap pral absòbe mwens manje, sa ki gen ladan li kalori, vitamin, ak mineral. Sa vle di ou ka pa absòbe tout kalori ou manje yo.

Sendwòm dumping Sendwòm dumping lan se yon reyaksyon fizik ou jwenn aprè ou manje manje ki gen anpil sik oswa grès, sa ki ka fè ou evite manje kalite sa yo. Sentòm yo ka parèt tousuit aprè ou fin manje, oswa aprè kèk èdtan aprè. Sentòm yo gen ladan yo kè plen, vomisman, dyare, batman kè rapid, swe, tèt vire, ak kranp. Egzanp manje ki ka lakòz sendwòm dumping lan gen ladan li desè, bonbon, bwason ki gen anpil sik, pòm detè ak nenpòt desè ki fèt ak farin. Se pa tout moun ki gen sendwòm dumping aprè operasyon an, epi pou kèk moun, li disparèt aprè yon tan.

Randevou a obligatwa Obligatwa anvan entèvansyon chirijikal la

Aprè premye konsiltasyon ou avèk chirijyen an, w ap bezwen pase plizyè tès medikal epi rankontre ak manm ekip tretman an. Randevou ak tès ki nesèsè yo ap parèt anba a; men, ou ka bezwen plis randevou oswa tès anvan operasyon an selon rekòmandasyon ekip ou a. Si ou rate randevou, sa ka retade operasyon ou, tanpri fè tout efò pou ou asiste tout tès ak randevou ki fikse a, epi rele klinik la lè posib pou renouvle randevou a lè sa nesèsè.

Etap 1: Rankontre ak yon chirijyen

Objektif pèdi pwa: _____lbs.

Etap 2: Ranpli tout kondisyon pwogram nan

Tès medikal – chirijyen an oswa ekip medikal la òdone pou pèdi pwa

- Tès laboratwa (CBC, vitamin, mineral, tiwoyid, sik nan san, elatriye).
- Tès H. pilori (echantiyon twalèt oswa tès respiratwa).
- Nikotin

Evalyasyon nitrisyon ak edikasyon ak yon dyetisyen ki anrejistre.

- Klas nitrisyon 1 – 90-minit klas
- Klas nitrisyon 2 – 90-minit klas
- Evalyasyon nitrisyon – randevou 60-minit
- Evalyasyon sou nitrisyon – randevou 30-minit

Evalyasyon sante konpòtmantal (Behavioral health BH) ak yon travayè sosyal

- Evalyasyon sante konpòtmantal (Behavioral health BH) – randevou 60-minit

Evalyasyon medikal pou pèdi pwa ak doktè oswa enfimyè pratikan (NP).

- Vizit pou nouvo pasyan – randevou 40 minit
- Suivi – randevou 20 minit.

Suivi chirijikal ak chirijyen an oswa ekip chirijikal la (NP/PA)

- Suivi – randevou 30 minit

Lòt randevou ou ka bezwen

- Ekografi, radyografi sistèm dijestif siperyè, etid mouvman (mobilite), endoskopi
- Etid sou somèy
- EKG, evalyasyon kadyak

Etap 3: Otorizasyon asirans

N ap soumèt tout fòmilè, rezilta, ak enfòmasyon bay asirans lan pou pre-otorizasyon an.

Etap 4: Fikse yon dat pou operasyon an

Depi asirans ou bay klinik lan pre-otorizasyon an, n ap kontakte ou pou fikse dat operasyon an, randevou yo anvan operasyon an ak aprè premye operasyon an.

Pwosesis Operasyon an

Ou pral rete nan lopital pou pi piti de nuit. Ou ka ede rekipasyon ou an ale pi vit si ou suiv tout enstriksyon yo epi patisipe nan swen ou.

Randevou ak chirijyen an anvan operasyon an

W ap rankontre ak chirijyen ou pou reponn tout dènye kesyon ou ka genyen sou operasyon an epi siyen tout fòm konsantman yo.

Evalyasyon anvan operasyon

Ou pral nan klinik anvan pwosedi a, kote yo pral ba ou enstriksyon sou kòman pou prepare pou jou operasyon an epi eksplike sa ou ka atann anvan ak aprè operasyon an. Yo pral fè tès laboratwa epi ou ka pale ak yon manm ekip anestezi a.

Yon semèn anvan operasyon an

PA PRAN okenn pwodui aspirin oswa pwodui ki gen aspirin, bagay k ap anpeche w grangou, sipleman fèy oswa lwil pwason pandan yon semèn anvan operasyon an.

Jou operasyon an

Yo pral mande ou pou ou rive nan lopital la nan yon lè espesifik, an jeneral de èdtan anvan lè operasyon ou an. Yo pral mennen ou nan sal preparasyon an, kote ekip enfimiyè nou yo pral ede w prepare epi pran swen bagay pèsònèl ou yo. Anestezyolojis la pral eksplike pwosedi a epi reponn kesyon ou genyen yo.

Y ap ba ou medikaman pou ede w detann ou anvan ou antre nan sal operasyon an.

Aprè operasyon an – Jou 0 aprè operasyon an

Y ap mennen ou nan sal rekipasyon an kote w ap pase kèk èdtan ap refè anba efè anestezi a. Après a, y ap mennen ou nan yon chanm kote fanmi ou oswa zanmi ou ka vin wè ou. N ap siveye satirasyon oksijèn ou epi bay oksijèn jan sa nesèsè a. W ap mete bòt konpresyon, ki pwoteje ou kont fòmasyon boul san nan janm ou yo, yo rele sa tronboz venn pwofon oswa DVTs.

Ou ta dwe kòmanse mache lè yo ba ou pèmasyon pou ou fè sa. Sa ap ede ou fè prevansyon kont fòmasyon boul san epi li ap ede w soulaje nenpòt doulè gaz ki soti nan operasyon an.

Rejim: Pa manje ni bwè. W ap resevwa likid nan venn (IV) pandan peryòd sa a.

Aprè operasyon an – Jou 1 aprè operasyon an

W ap kòmanse yon rejim alimantè ak likid klè. Yo pral ba ou yon plato ak plizyè opsyon ou ka chwazi. Itilize yon mezirèt medikaman epi eseye bwè yon mezirèt medikaman pandan inèdtan, pandan wap bwè li ti kal pa ti kal.

Rejim: Kòmanse rejim alimantè baryatik etap 1 – gade nan pakè nitrisyon ou an pou plis enfòmasyon.

Aprè operasyon an – Jou 2 aprè operasyon an

Rejim: Kòmanse rejim alimantè baryatik etap 2 – gade nan pakè nitrisyon ou an pou plis enfòmasyon.

Medikaman pou egzya1t: Ekip ou a ap revize tout medikaman ou yo avèk ou anvan ou retounen lakay ou.

Suivi après chiriji a

Si ou gen nenpòt nan sentòm sa yo, rele klinik la tousuit nan 617-414-8052.

- Fyèb
- Pwoblèm pou respire
- Feblès oubyen pèt sansasyon nan bra w oubyen janm ou
- Doulè oswa sansibilite ki ogmante toupre blese a
- Ouvèti blese a
- Siy enfeksyon yo gen ladan yo:
 - > Pij oswa likid k ap koule nan blese yo
 - > Vin pi anfle
 - > Tou wouj
 - > Vin pi cho
 - > Gen vye sant

Kesyon yo Poze Souvan

Ki pi bonè m ap ka retounen lakay mwen après operasyon an?

Sa ap depann de ki kalite travay ou genyen ak jan w ap evolye a. Pifò moun pran kat semèn repo nan travay yo, men sa ka varye ant youn a sis semèn. Ou ta dwe diskite sa avèk chirijyen ou anvan operasyon an.

Ki pi bonè m ap ka kondi après operasyon an?

Ou ka kondi lè ou pa sou medikaman doulè nakotik yo preskri yo ankò.

Ki pi bonè m ap ka benyen après operasyon an?

Ou ka benyen après w fin opere. Netwaye blese ou yo ak savon ak dlo, sòf si yo bay lòt enstriksyon. Pa benyen nan benwa jiskaske tout kwout yo tonbe epi blesi yo geri konplètman (apeprè kat semèn).

Ki pi bonè m ap ka naje après operasyon an?

Ou ka naje après sis semèn, lè chirijyen ou bay pèmasyon an.

Ki pi bonè m ap ka fè espò après operasyon an?

Ou ka fè aktivite lejè tankou mache tousuit après operasyon an, men evite leve nenpòt bagay ki pi lou pase 10-15 liv pandan pou pi piti sis semèn après operasyon an.

Ki pi bonè m ap ka ansent après operasyon an?

Si ou se yon fanm nan laj pou fè pitit, ou ka ogmante chans pou tonbe ansent après operasyon an. Li difisil pou kenbe yon gwosès an sante pandan premye oswa de lane après yon operasyon pou pèdi pwa, nou rekòmande w ranvwaye nenpòt plan gwosès jiskaske ou gen pou pi piti 18 mwa après operasyon an.

Ki pi bonè m ap ka gen rapò seksyèl après operasyon an?

Ou ta dwe tann omwen de semèn après operasyon an pou w gen rapò seksyèl.

Orè randevou suivi a

W ap jwen randevou tès suivi ou yo anba a: Tanpri note, selon pwogrè ou ak bezwen ou, yo ka mande w pou fè tès oswa plis randevou pou asire w ou rete an sante. Ou lib pou w mande plis randevou ak dyetisyen anrejistre a oswa travayè sosyal la jan sa nesèsè a.

2 semèn aprè operasyon an

- Vizit ak chirijyen an oswa enfimiyè pratikan/chirijyen (NP/PA)
- Vizit ak dyetisyen an

6 semèn aprè operasyon an

- Vizit ak chirijyen an oswa asistan medikal (PA)
- Vizit ak dyetisyen an

3 mwa aprè operasyon an

- Vizit ak doktè pou pèdi pwa medikal oswa enfimiyè pratikan (NP)
- Vizit ak dyetisyen an
- Laboratwa

6 mwa aprè operasyon an

- Vizit ak NP/PA
- Vizit ak dyetisyen an

12 mwa aprè operasyon an

- Vizit ak chirijyen (PA)
- Vizit ak doktè pou pèdi pwa medikal oswa enfimiyè pratikan (NP)
- Vizit ak dyetisyen an
- Laboratwa

18 mwa aprè operasyon an

- Vizit ak dyetisyen an

Anyèl – Chak ane

- Vizit ak chirijyen an oswa enfimiyè pratikan/chirijyen (NP/PA)
- Vizit ak dyetisyen an
- Laboratwa

Tès laboratwa rekòmande

Men lis estanda tès laboratwa yo: Doktè ou a ka rekòmande plis tès laboratwa, depann de kondisyon ou oswa enkyetid sou karans ou genyen.

- Vitamin A - retinol
- Vitamin D – 25-hydroxy vitamin D
- Kuiv
- Vitamin B1-thiamin
- Òmòn paratoyid (PTH)
- Tès sangen konplè (CBC)
- Vitamin B9 – folat
- Tablo ki prezante kantite fè a (fè, ferritin, TIBC)
- Tablo ki reprezante metabolis lan (CMP)
- Vitamin B12- cobalamin
- Zen

Tès laboratwa rekòmande

- Tès dansite zo

Risk ak avantaj chiriji baryatrik la

Men sa yo se risk pou pontaj gastrik Roux-en-Y ak gastrektomi manch (sleeve gastrectomy):

Pòch, manch la, oswa anastomoz la.	1-2%
Tronbòz venn pwofon/Anboli pilmonè	1%
Emoraji (ki mande transfizyon)	1%
Enfeksyon blese a	1%
Koupe Èni yo	1%
Estrikti nan manch la oswa anastomoz la	1-2%
Dezidratasyon	5-10%
Karans nitritif	25%
Tèt vire ki pa janm pase	1%
Pa reyisi to pèdi pwa	1%
Anvi vomi/Asid sou lestomak	1%

Sèlman pontaj gastrik:

Ilsè majinal	5%
Èni entèn	1-2%
Fistil ant lestomak ak pòch la	1-2%

To mòtalite ki sòti nan operasyon baryatrik yo apeprè **0,2%**

Konplikasyon sa yo ka mande pou fè yon lòt operasyon.

Faktè ki ogmante risk la gen ladan li yon pwa pi elve oswa yon endèks mas kò (BMI) ak gwo laj. Gason yo gen yon risk ki pi wo konpare ak fanm yo.

Avantaj operasyon an bay sou sante

Rezilta chak moun diferan, men ou ka wè amelyorasyon nan:

- Doulè nan jwenti oswa atwoz
- Pa ka respire byen lè w ap domi
- Kontwòl glisemi
- Kolestewòl
- Tansyon
- Kalite lavi

Dat

Pasyan

Siyati doktè a

Paran oswa Responsab

Non an majiskil

Lyen

Pasyan anvan operasyon an

Akò sou konfòmite

- _____ Mwen konprann mwen jwe yon wòl enpòtan nan tretman obezite mwen, epi patisipasyon aktif kontinyèl mwen nan tretman an esansyèl.
- _____ M ap enfòmè Boston Medical Center sou nenpòt chanjman nan adrès mwen, nimewo telefòn mwen, ak asirans sante mwen.
- _____ Mwen konprann enpòtans pou m ale nan tout randevou ki pwograme (ki gen ladan randevou klinik ak vizit ak dyetetisyen) epi mwen bezwen rele davans si mwen bezwen fikse yon randevou.
- _____ Mwen konprann li esansyèl pou siksè operasyon mwen an pou mwen swiv tout enstriksyon ekri ak vèbal ekip tretman mwen an, e pou mwen enfòmè yo si mwen gen nenpòt pwoblèm.
- _____ Mwen konprann operasyon sa a mande suivi swen alontèm pou asire yon sante optimal ak siksè nan pèdi pwa.
- _____ Mwen konprann fimen aprè operasyon an ogmante risk pou konplikasyon grav, tankou ilsè nan vant epi mwen dwe sispann fimen omwen de mwa anvan operasyon an epi evite fimen aprè operasyon an.
- _____ Mwen konprann operasyon pou pèdi pwa gen enpak sou nitrisyon mwen epi yo ka ogmante risk pou mwen devlope malnitrisyon oswa karans nan eleman nitritif yo. Mwen konprann mwen pral bezwen pran sipleman vitamin ak mineral jan ekip klinik mwen an mande pou m pran l lan chak jou pou rès lavi mwen. Mwen konprann asirans mwen pa kouvri sipleman sa yo, epi se responsabilite m pou mwen achte yo.
- _____ Mwen konprann aprè operasyon mwen, mwen pa ka pran medikaman anti-enflamatwa, tankou, men pa sèlman, aspirin, ibuprofen, oswa naproxen sodium paske sa ka ogmante risk pou mwen devlope ilsè nan vant.
- _____ Mwen konprann gen posiblite pou gen yon chanjman nan fason kò mwen trete alkòl, epi mwen ka gen yon risk pou devlope depandans ak alkòl aprè operasyon an. Mwen konprann li rekòmande pou mwen pa bwè alkòl sou yon baz regilye aprè operasyon an.
- _____ Mwen konprann sa a kontrè ak rekòmandasyon medikal mwen pou mwen tounen ansent nan yon peryòd 18 mwa aprè operasyon pou pèdi pwa a, epi tonbe ansent pandan peryòd sa a ka ogmante risk konplikasyon.

Sinyati Pasyan an

Dat

Efè segondè komen ak solisyon yo

Konstipasyon

Ou ka konstipe fasil aprè operasyon an paske konsomasyon fib ak likid ou diminye lè w ap manje mwens. Operasyon an ka ralanti dijesyon, sa vin fè li enpòtan pou idantifye diferans ki genyen ant bezwen pou al nan twalèt ak lè w pa ka fè li, oswa pa bezwen ale nan twalèt souvan. Suiv konsèy sa yo pou konstipasyon an aprè operasyon an:

- Bwè pou pi piti 48 ons likid chak jou.
- Rete aktif, eseye fè pou pi piti 30 minit ap fè mouvman chak jou.
- Si w ap sou etap 4 oswa pi ta nan rejim nan, ajoute fib nan manje fwi, legim, ak sereyal antye.
- Pale ak doktè w sou fason pou pran yon sipleman fib ki disponib san preskripsyon. (Metamucil, Benefiber), oswa yon stool softener.

Dyare

Ou ka gen dyare tousuit aprè operasyon an pandan ou sou yon rejim likid. Men, dyare twòp oswa dyare ki dire lontan ka ogmante risk pou fè malnitrisyon. Anvan ou pran medikaman kont dyare, tanpri konsilte ekip medikal la. Men kèk konsèy pou eseye minimize risk pou gen dyare:

- Pa manje rapis epi kite li lè ou santi w plen.
- Evite bwè pandan repa, epi tann pou pi piti 30 minit aprè w fin manje anvan ou bwè yon bagay.
- Evite alkòl, manje pike, ak manje ki gen anpil sik ak grès.
- Konsidere tounen nan etap rejim ou te sou li anvan an pou kèk jou jiskaske sentòm yo ale.
- Evite manje ki gen anpil laktoz (lèt, fwomaj blan, yogout, ak krèm glase).
- Limite kantite alkòl ki gen sik tankou sorbitol oswa mannitol (bonbon san sik, pwodui san sik krèm glase, ak chiklèt ki pa gen sik).
- Limite bwason ki gen kafeyin ak de tas pa jou.

Si ou suiv tout rekòmandasyon yo epi ou toujou gen dyare, tanpri konsilte ekip medikal la. Ou ka bezwen plis suivi pou elimine posibilite pou fè enfeksyon.

Kè plen oubyen vomisman

Ou ka gen kè plen ak vomisman pandan premye mwa aprè operasyon pou pèdi pwa a si ou pa suiv rekòmandasyon alimantè yo. Men kèk konsèy pou eseye, men si w ap suiv tout sa ki pi ba yo epi ou toujou ap vomi, oswa ou pa ka kenbe okenn manje oswa bwason sou lestomak ou, tanpri rele klinik la tousuit.

- Manje dousman pandan 20-30 minit.
- Moulèn chak bouche manje jiskaske li gen yon konsistans tankou pire pòm.
- Evite manje aprè w fin plen, sispann lè ou santi w apeprè 80% plen.
- Evite manje bagay ki sèch oswa ki gen fib long (stringy).
- Evite bwè pandan repa oswa tousuit aprè repa yo.
- Evite al kouche tousuit aprè w fin manje.
- Bwè anpil likid ant repa yo.
- Suiv sa w ap manje pou idantifye manje espesifik ki ka ba w pwoblèm yo.

Gaz ak gonfleman

- Evite moulèn chiklèt oswa itilize chaslino – sa yo ka ogmante fè ou vale van.
- Kenbe yon jounal alimantè epi suiv sentòm ou yo, idantifye nenpòt manje ki ka lakòz gonfleman.
- Evite oswa pa pran anpil manje yo ajoute fib yo oswa alkòl ki gen sik (bonbon san sik oswa lòt pwodwi san sik krèm glase).

Fè kim, glise, oswa twòp saliv nan bouch

Sa rive ou bouch ou fè kim oswa pwodui saliv anplis lè nouvo vant ou ap geri, epi vant ou ap lite pou trete sa ou sot manje a. Sa a ka sòti nan fason ou ap manje (twò vit oswa pa moulen byen ase) oswa akòz tip manje w ap manje a (twò di oswa twò sèch). Bouch ou ap sispann fè kim poukont li aprè yon ti tan, men pou evite efè segondè sa a, suiv konsèy ki anba a. Gen kèk manje ou ka pa tolere epi yo ka lakòz reyaksyon sa a kèlkeswa sa ou fè.

- Manje dousman pandan 20-30 minit.
- Moulen chak bouche manje jiskaske li gen yon konsistans tankou pire pòm.
- Asire w manje a seche – si li sèch, pran yon ti gout dlo anvan ou vale pou li ka imid.

Pèdi cheve

Cheve pifò moun kase, sa kòmanse, an jeneral, apeprè twa a sis mwa aprè operasyon an. An jeneral, cheve a kòmanse repouse apeprè sis mwa rive yon lane aprè operasyon an, oswa lè pèt pwa a ralanti. Lè w fè sa ki anba a ap anpeche cheve w rache anpil:

- Manje ase pwoteyin. Pale ak dyetetisyen ou si ou pa sèten ki kantite pou manje oswa si ou santi ou manje ase.
- Pran tout vitamin ou dwe pran yo. Fè, vitamin A, ak zen gen kèk eleman nitritif ki enpòtan pou kwasans cheve yo, epi pa jwenn yo ase ka fè w pèdi plis cheve.

Vètij oswa etoudisman

Sa ka rive aprè operasyon pou santi yon ti tèt vire lè w leve kanpe. Men, ou pa ta dwe gen tèt vire souvan, santi ou fèb, oswa pèdi konesans. Fè ekip ou a konnen tousuit si ou santi ou gen pwoblèm sa yo. Men kèk fason pou redui tèt vire a:

- Asire w ou bwè pou pi piti 48 ons likid chak jou
- Avèk yon pòsyon bwason elektwolit chak jou.
- Ajoute sèl, bouyon, oswa sòs soya nan manje w (si ou gen pwoblèm nan kè oswa maladi ren, tanpri diskite sa ak doktè ou a anvan ou fè sa).
- Manje chak twa a kat èdtan.

Alèji ak laktoz

Gen kèk pasyan ki gen difikilte pou dijere manje ki gen pwodui ki gen lèt ak sik laktoz aprè operasyon an. Manje ki rich ak laktoz yo se lèt, fwomaj blan, ak yogout, menm si yogout Grèk oswa Islandè yo gen plis laktoz). Si ou gonfle, gen gaz, kranp, oswa dyare aprè ou fin manje pwodui ki gen lèt yo, ou ka eseye sa ki anba yo:

- Evite oswa retire manje sa yo nan rejim alimantè ou.
- Pran mak Lactaid oswa lèt oswa fwomaj blan san laktoz.
- Pran konprime Lactaid anvan ou manje manje ki gen lèt ladan yo.
- Pran probiotic oswa kefir regilyèman.

Sendwom vide lestomak

Sendwòm vide lestomak (Dumping syndrome) rive lè manje a pase twò vit nan vant lan pou ale nan ti entesten an, sa ki lakòz kè plen, feblès, swe, kè bat fò, tèt vire, ak dyare. Pou evite oswa kanpe sendwom vide lestomak la, eseye sa ki annapre yo:

- Evite manje manje ki gen anpil sik.
- Evite manje fri oswa manje ki gen krèm epè.
- Manje plis pwoteyin pandan repa yo
- Evite bwè lè w ap manje.
- Evite manje manje ki twò cho oswa twò frèt.

Pou nenpòt lòt kesyon oswa enkyetid, tanpri kontakte klinik la nan 617-414-8052.

BOSTON
MEDICAL CENTER